

Avi pou Anplwaye Salè Minimòm nan Florida

Efektif 30 Septanm 2021, peman minimom Florid la pral \$10.00 pou chak edtan, ak yon peman minimom de omwen \$6.98 pou chak edtan pou anplwaye ki ap resevwa tips, ak adisyon a tips yo, jiska 29 Septanm 2022.

Le 3 Novanm 2020, vote Florid yo te apwouve yon amannman konstitisyonel eta a pou ogmante de pli zan pli payamnt minimom eta a chak ane jiskaske yo rive nan \$15.00 pou chak edtan nan 30 Septanm 2026. Nan 30 Septanm 2021, peman minimom Florid la ap ogmante a \$10.00 pou chak edtan. Chak ane, apre sa, peman minimom Florid la ap ogmante pa \$1.00 jiskaske peman minimom lan rive nan \$15.00 pou chak edtan nan 30 Septanm 2026.

Yon anplwayè pa kapab ripòste kont yon anplwaye poutèt l'ap egzèse dwa li pou resevwa sale minimòm. Dwa ki pwoteje pa Konstitisyon Eta enkli dwa pou :

1. Depoze yon plent sou swadizan non-konfòmite yon anplwayè avèk egzijans salè minimòm legal.
2. Enfòme nenpòt moun sou swadizan non-konfòmite yon anplwayè avèk egzijans salè minimòm legal.
3. Enfòme nenpòt moun de potansyèl dwa li genyen dapre Seksyon 24, Atik X nan Konstitisyon Eta Florida epi ede moun nan revandike dwa sa yo.

Yon anplwaye ki pa te resevwa salè minimòm legal la aprè li te fin avize anplwayè li oubyen apre li te bay anplwayè a 15 jou pou rezoud nenpòt reklamasyon salè ki pokò peye, ka mennen aksyon civil nan yon tribunal kont yon aplwayè pou rekipere salè en reta plis domaj ak frè avoka.

Yon anplwayè yo jwenn responsab poutèt li te entansyonèlman vyole kondisyon salè minimòm sijè a yon amann \$1,000 pa vyolasyon, peyab bay eta Florida. Avoka Jeneral la oubyen lòt ofisyèl ki deziyen pa Lalwa ka mennen yon aksyon civil pou ranfòse salè minimòm lan.

Pou detay, gade Seksyon 24, Atik X Konstitisyon Eta a ak Seksyon 448.110, Lwa Florida.